

SI SOSYETE ÈDALANFANS PRAN PITIT OU NAN MEN OU



Sa ka rive gen timoun osnon Jenn moun ki pakab rete viv lakay fanmi yo. Lè sa rive konsa, Èdalanfans pran sou responsablite li pitit nou yo, swake se atravè yon antant volontè ant paran yo ak Èdalanfans osnon yon desizyon tribinal ki otorize sa fèt.

Èdalanfans fè tout posib li pou li respekte kilti, ras, orijin ak relijyon timoun yo pandanke li mete yo nan yon bon anvirònman. Èdalanfans fè tout jefò tou pou timoun yo ka rete ak yon manb nan fanmi yo .

Lè sa pa posib ditou, jeneralman timoun nan al abite nan sa nou rele famiy dakèy. Si li gen frè ak sè, yo tout ap rete nan menm kay.

Yon travayè sosyal pou pwoteksyon timoun ap prepare yon plan ak ou pou li pote bon jan laswenyay pou timoun ou yo.

Sofsi tribinal la ta entèdi tout fòm kontak ant timoun lan ak fanmi li, Èdalanfans òganize vizit regilye ant paran ak pitit yo ki sou responsablite Èdalanfans.

Tout sa Èdalanfans swete se pèmèt timoun ki sou responsablite li yo retounen lakay fanmi yo; se prensipal rezon plan ki fèt ak kolaborasyon paran an. Pakont, si nou jije sitiyasyon andedan fanmi-an pa amelyore nan sans pou pèmèt timoun lan retounen lakay li, Èdalanfans vin nan obligasyon pou li mete kanpe yon plan pèmanan pou timoun lan, epi Èdalanfans dwe prezante plan sa a devan yon jij nan tribinal.

KISA KI SOSYETE ÈDALANFANS LAN (SAEO an franse)?



Sosyete Èdalanfans lan se yon òganizasyon kominotè, ki gen manda pou li pwoteje tout timoun ak jenn moun kont tout fòm move tretman osnon neglijan ki defini selon lalwa nan pwovens Ontaryo-a.

Nan Ontaryo, genyen 47 ajans, tankou Èdalanfans Ottawa-a, ki la pou yo garanti, tout timoun sou teritwa Ontaryo-a an sekirite pandan yo ap ofri paran yo sipò yo. Lè fanmi-an pa kabap asire sekirite yon timoun, Èdalanfans Ottawa ofri yo pou yo mete timoun lan nan yon lòt kay, ki pa kay fanmi li, kote li pral resevwa sipò ak pwoteksyon nesèsè li merite.

Èdalanfans Ottawa-a ofri sèvis 24 è sou 24, 7 jou nan semèn lan. Nan lè kote biwo fèmèn, gen yon ekip entèvenan ki espesyalize nan pwoteksyon timoun, ki entèveni nan tout sitiyasyon, kote gen yon risk pou kèlkanswa timoun lan.

Nan pi fò ka yo, Èdalanfans reyisi pwoteje timoun yo pandan yo ka toujou rete lakay paran yo. Èdalanfans kolabore avèk fanmi yo, epi manb kominote yo pou yo fè ansòtke tout timoun ak jenn moun viv an sekirite lakay yo. Konn gen moman, pou sèten timoun osnon jenn moun, sitiyasyon-an konn prezante twòp risk. Lè konsa, Èdalanfans Ottawa mete yo, pou yon ti bout tan, nan yon fwaye dakèy.

Si yon timoun vin sou responsablite Èdalanfans, nou fè tout sa ki posib pou li rete an kontak ak fanmi li. Pandan timoun lan sou responsablite Èdalanfans, nou chache tout okazyon ak mwayen pou nou pèmèt li byen devlope enpi byen grandi.

Èdalanfans fè tèt li obligasyon pou li ofri sèvis kote ras, relijyon, esprityalite, oryantasyon seksyèl, kapasite, lang ak kilti kliyan li yo jwenn tout respè yo merite.

NAN KI MOMAN ÈDALANFANS ENTÈVNI?



Tout Sosyete Èdalanfans nan Ontaryo yo gen manda legal pou yo entèvni lè nesesite yo mande pou yo pwoteje timoun ak jenn moun kont tout fòm move tretman ak neglijan. Sosyete Èdalanfans Ottawa a resevwa siyalman konsènan timoun ak jenn moun ki sou teritwa li, ki bezwen pwoteksyon 24 sou 24, pandan 7 jou semèn lan, nan nimewo sa-a (613)747-7800.

Nou fè entèvansyon kay fanmi timoun yo, lè nou resevwa siyalman konsènan yon timoun pi jenn ki sanble bezwen pwoteksyon. Timoun sa a ka viktim move tretman osnon gen anpil risk pou li viktim anba move tretman. Lè sa rive, nou oblije entèvni rapidman pou nou pwoteje timoun lan.

Depi nou fin resevwa apèl la, yon entèvnan nan pwoteksyon timoun ansanm ak sipèvizè li evalye risk yo apati ransèyman yo resevwa yo epi ijans entèvansyon ki pou fèt la. Nou mennen yon ankèt pou nou ka konnen ki pi bon mwayen pou nou pwoteje timoun lan enpi pote sipò pou fanmi li.

Si rapò ankèt la devwale gen risk pou timoun lan blese ou byen li blese, nou ap entèvni tout suit nan yon peryòd ki pa depase 12 zèd tan. Nan lòt ka yo, nou ap entèvni nan yon peryòd tan ki pa depase (7) jou.

Depi entèvansyon-an kòmanse, nou antre nan yon kolaborasyon ak manb fanmi-an ansanm ak lòt patenè sèvis kominotè yo pou nou rezoud sitiyasyon ki deranje nou yo oubyen tou senpman regle tou pwoblèm fanmi-a ap konfwonte-a. Apre ankèt la, nou bay, suivan bezwen yo, sèvis nou sou yon baz volontè. Nan ka pi grav yo, se sou desizyon yon tribinal nou bay sèvis sa yo.

Paran yo ak timoun yo kapab kominike dirèkteman ak nou. Tout lòt manb fanmi yo, zanmi yo, pwofesè yo, enfimyè yo, medsen yo ak tout lòt pwofesyonèl gen obligasyon pou yo siyale tout preyokipasyon yo ta ka genyen konsènan sekirite ak byennèt yon timoun osnon yon jenn moun.

KILÈ POU NOU SINYALE YON MOVE TRÈTMAN



Se chak grenn moun ki responsab byennèt timoun ki ap grandi nan kominote-a. Nou tout gen responsablite pou nou pwoteje yo kont tout fòm move trètman. Responsablite sa-a nou genyen li tou anvè tout timoun ki viktim move trètman ak neglijan andedan kay pwòp fanmi yo.

Ki kalite timoun osnon jenn moun ki merite pwoteksyon ?

Yon timoun oubyen yon jenn moun bezwen pwoteksyon lè moun ki pou ta pwoteje li a ap fè li monte lesyèlpado oubyen ankò ap neglije li.

Kilès ki gen devwa pou siyale yon timoun oubyen yon jenn moun ki bezwen pwoteksyon?

Nenpòt moun ki ta gen enfòmasyon klè nan men li, ki pèmèt li sispèk, yon timoun osnon yon jenn moun bezwen, oubyen ta sanble bezwen pwoteksyon, dwe, rapido presto, enfòme Èdalanfans nan zòn, kote li ye a sou soupson li genyen yo, ansanm ak tout lòt ransèyman li ta ka genyen, ki se fondman enkyetid li yo.

Ki rezon ki pèmèt yon moun fè yon siyalman ?

Nou pa bezwen 100% sèten. Lalwa inikman mande pou nou gen prèv rezonab, ki pèmèt nou sispèk yon timoun osnon yon jenn moun bezwen, oubyen ta sanble gen bezwen pwoteksyon pou nou fè yon siyalman nan Èdalanfans. Sa nou rele prèv rezonab se tout ransèyman nenpòt moun responsab epi onèt, ki gen tèt li sou zepòl li, ta bezwen pou li deside fè yon siyalman sou yon sitiasyon.

Èske mwen ka mande yon lòt moun fè siyalman-an nan plàs mwen ?

Non. Se oumenm ki pou fè siyalman-an dirèkteman nan Èdalanfans. Ou pa ka mande yon lòt moun pou fè li nan plas ou.

KISA YON MOVE TRÈTMAN YE ?



Gen movè trètman lè yon timoun blese akòz yon konpòtman volontè moun ki responsab li a osnon moun lan pa pran mezi nesèsè yo pou li pwoteje timoun lan.

Move trètman fizik

Tout jès ki lakoz osnon ki ka lakoz timoun lan blese, tankou: yon kalòt, kout fwèt, sekwe, boule timoun lan, mòde li oubyen pouse timoun lan jouk li al frape kò li yon lòt kote. Se kapab rezilta yon jès ki rive yon grenn fwa, osnon se yon abitud ki ekziste pandan yon bon bout tan.

Move trètman seksyèl

Genyen move tretman seksyèl, lè yon granmoun itilize yon timoun osnon yon jenn moun pou yon benefis seksyèl, epi kèlkanswa benefis la. Lalwa entèdi pou moun touche « tipati » yon tigason oubyen chouchoun yon tifi osnon pou yon lòt moun ankouraje yon timoun touche « tipati / chouchoun » yon lòt moun osnon pwòp pati nan kò pa li. Lalwa entèdi tou pou yon moun fòse yon timoun patisipe nan fè bagay oubyen tout lòt zak seksyèl. Se yon latriye konpòtman soti sou divès kalite kontak seksyèl jouk rive nan eksplwate yon timoun oubyen yon jenn moun epi fè li antre nan fè pwostitisyon ak fim pònografik.

Move trètman afektif

Se tout atitud oubyen konpòtman, ki gen konsekans osnon ki anpeche timoun lan oubyen jenn moun lan devlope lanmou pou pwòp tèt li, nan kritike li tout tan, joure li, denigre li, repouse li, inyore li oubyen izole li. Enpi, nou atann li ap rive fonksyone nan yon nivo pi wo pase konpetans li ta pèmèt li. Se kapab tou yon paran ki pa bay pitit li okenn lanmou, afeksyon osnon ankadreman nòmal pitit li ta bezwen.

Neglijans

Se sitiyaasyon kote paran yo pa fè tout sa yo ta dwe fè pou yo satisfè bezwen esansyèl ak fondamantal timoun yo, tankou manje, ba yo tan pou yo dòmi, sekirite, bon jan siveyans, rad pwòp, swen sante medikal. Gen neglijans lè paran yo inyore bezwen pitit li, pa ba li ankadreman nesèsè pou garanti sekirite li, dimwens paran an pa kapab prevwa yon manyè ki korèk tout bezwen pitit li.

Metòd disiplin rezonab

Èdalanfans Ottawa (SAEO an franse) pa apiye itilizasyon baton kòm mwayen pou disiplin timoun. Rechèch ki fèt yo demontre estrateji disiplin pozitif yo pi efikas lontan pase bay baton. Pami estrateji sa yo nou kapab siyale :

- Ranfòsman pozitif
- Lwanj
- Prezantasyon yon modèl
- Rekadraj
- Estrikti ak rutin
- Etablisman atant ki reyalis an fonksyon laj timoun lan
- Siy nou eksplike ak mo osnon ak jès
- Konsekans lojik
- Rezolisyon pwoblèm



Tout benevòl nou yo se manb kominote-a ki decide bay Èdalanfans tan yo, enèji yo epi konpetans yo. Se fanm tankou gason ki gen 18 lane an montan, yo se etidyan, travayè oubyen retirete kèlkanswa ras moun yo, ki soti nan divès kominote etnik osnon relijon yo pratike. Yo tout swete sa ki byen pou timoun yo ak jenn moun yo.

Ki wòl benevòl yo jwe?

Kòm benevòl gen tout yon latriye sèvis nou ka patisipe ladan yo. Men kèk ekzanp:

- Titè oubyen Modèl pou timoun ak jenn moun ki sou responsablite Èdalanfans;
- Soutyen pou gwoup timoun yo;
- Soutyen nan pwogam pou timoun ak jenn moun ak paran yo
- Chofè pou kondui timoun ak jenn moun yo nan randevou pou yo ka rive alè.
- Ede nan travay biwo, fè kèk travay administratif, patisipe kòm manb nan divès komite yo.

Ki konpetans , konbyen tan pou yon moun bay nan yon pòs benevòl?

Pa gen yon konpetans an patikilye ki nesesè. Men, Èdalanfans ap fè tout sa li kapab pou li ofri nou yon chwa, ki ap koresponn ak enterè nou yo, disponiblite epi talan nou genyen yo. Gen kèk pòs benevòl ki ouvè pi souvan, tandiske gen lòt se alokasyon. Suivan sikonstans yo, Èdalanfans ka mete kanpe yon orè ki ap an rapò ak disponiblite enpi lòt angajman nou ka genyen.

Kijan pou nou vini yon benevòl ?

Si nou vle fè benevola nan Èdalanfans Ottawa a, tanpri vizite sitwèb nou : www.casott.on.ca epi klike sou benevola « Bénévoles » se la nou ap kapab wè yon kalandriye konplè sou seyans enfòmasyon pou benevòl yo epi se la tou nou ka soumèt yon demand.



Se yon fanmi ki konpoze ak moun Èdalanfans apwouve ki resevwa lakay la timoun ak jenn moun ki bezwen yon kay tanporè pou yo rete pandan kèk jou, kèk semèn, kèk mwa oumenm kèk ane.

Kilès paran dakèy sa yo ye menm?

Se paran ki gen diferan orijin etnik, diferan kilti, ras ak relijyon epi divès kalite oryantasyon seksyèl, yo tout kwè chak timoun merite viv nan yon anvirònman, kote lanmou ak respè se prensip vivasyon nan mitan yo. Yo tout se granmoun ki gen kapasite parantal pou yo fè levasyon timoun ak jenn moun. Yo akeyan e yo estab nan lavi yo; epitou kay kote yo rete a gen sifizaman plas pou fasilite konfò timoun oubyen jenn moun.

Pouki rezon yo plase timoun nan famiy dakèy?

- Neglijans
- Tout kalite move trètman
- Vyolans familial
- Difikilte paran yo genyen pou yo byen jwe wòl yo kòm paran epi pran responsablite yo.

Ki kalite apui paran dakèy yo resevwa?

Ranbousman lajan yo depanse pou pran swen timoun ak jenn moun yo

Fòmasyon (kou ak atelye gratis)

Sipò nan telefòn 24 sou 24 ak anpil lòt bagay ankò.

Kisa yon moun ka fè pou li vin yon paran dakèy?

1. Rele nan nimewo sa-a : (613)742-1620 ekstansyon nimewo 1 oubyen vizite sitwèb sa-a : www.casott.on.ca.

2. Ranpli yon fòmilè demand pou fwaye dakèy.



Yon timoun, ki nan adopsyon nan yon fwaye, vin tounen otomatikman yon manb aparantyè fanmi sa-a. Pifò timoun ak jenn moun Èdalanfans mete nan adopsyon, se retire li te retire yo lakay paran byolojik yo ak sou responsablite paran sa yo akòz rezon move trètman oubyen neglijan.

Kilès ki ka adopte yon timoun oubyen yon jenn moun?

- Moun ki anvi angaje tèt yo pou tout tan ak timoun oubyen jenn moun;
- Moun ki soti nan divès kominote kiltirèl, divès kalite ras ak gwoup etnik;
- Moun ki ap viv an koup osnon ki selibatè, moun divòse, vèf, gason makomè, masisi ou madivinèz
- Granmoun ki gen omwen 19 lane;
- Ki gen kapasite finansyè sifizan pou pran responsablite levasyon yon timoun;
- Yon moun ki pa gen okenn demele ak lajistis ki ta kab lakòz yo rejte demand adopsyon li a.

Timoun ak jenn moun pou moun adopte yo, kilès yo ye menm?

- Sosyete Èdalanfans toujou bezwen fanmi ki swete adopte timoun ak jenn moun soti laj 5 lane an montan, gwoup frè ak sè, epi timoun ki gen bezwen espesyal ansanm ak sila yo ki gen reta nan devlopman yo.

Ki machaswiv ki dwe fèt pou adopsyon an ?

1. Vizite sitweb Sosyete Èdalanfans Ottawa-a ki se: www.casott.on.ca: oubyen rele nan nimero sa-a: 613-742-1620.
2. Vini nan youn nan seyans enfòmasyon nou yo pou nou ka tande plis detay sou adopsyon yon timoun oubyen yon jenn moun ki ap tann yon fanmi adoptif.
3. Nou ap gen pou nou patisipe nan suiv pwogram fòmasyon obligatwa Sosyete Èdalanfans Ottawa. Se yon kou ki dire ototal 20 è sou adopsyon ak plasman nan famiy dakèy.
4. Nou dwe ranpli yon fòmilè demand adopsyon, nou va voye li bay sèvis adopsyon Sosyete Èdalanfans Ottawa.

KISA KI AP PASE SI MWEN RELE SOSYETE ÈDALANFANS?



Sosyete Èdalanfans ap ekzamine ransèyman ou bay li yo, epi analize yo pou li ka detèmine si gen rezon pou ou fè yon ankèt. Anplwaye Èdalanfans yo gen responsablite legal pou yo fè yon ankèt sou sitiyasyon ou siyale li yo, enpi garanti pwoteksyon timoun yo.

Kisa ki konfidansyèl ?

Tout ransèyman konsènan kliyan nou yo konfidansyèl. Èdalanfans pa bay enfòmasyon sou yon moun ki genyen dosye li nan Èdalanfans san konsantman moun lan. Si yon ransèyman nesèsè pou tabli yon plan sekirite pou yon timoun, nou kapab fè yon demand devant tribinal pou nou genyen li. Nou kapab founi ransèyman konfidansyèl bay tribinal depi dosye-a ap suiv chimen lajistis.

Kisa ki gen nan dosye nou yo?

Gouvènman pwovens Ontaryo-a mande Èdalanfans pou li gen yon dosye pou chak fanmi osnon timoun li ankadre / ede. Andedan dosye sa yo sipoze genyen tout ransèyman konsènan dezisyon li fè pran ak sèvis li ofri yo. Dosye sa yo konfidansyèl e yo pa kapab pataje ak pyès lòt moun san konsantman moun ki konsène nan dosye a, osnon sofsi tribinal la pran yon dezisyon ki ekzije Èdalanfans pataje enfòmasyon yo.

Èske Lapolis gen yon wòl li jwe nan pwoteksyon timoun?

Èdalanfans pataje ak Lapolis tout siyalman ki gen rapò ak sitiyasyon move trètman ki grav anpil. Lè konsa, Lapolis detèmine si gen ase eleman pou dosye-a ale devan tribinal kriminèl tou, epi mete akizasyon fòmèl sou moun ki koupab la.

Èske timoun lan ap gen pou li reponn kesyon?

Lè Èdalanfans resevwa yon sinyalman konsènan yon timoun ki sanble bezwen pwoteksyon, Èdalanfans dwe kesyone timoun lan oubyen jenn moun lan. Nan pi fò ka yo, entèvyou timoun oubyen jenn moun nan fèt ak konsantman paran yo. Sepandan, si bagay yo gravman grav, Èdalanfans ka entèvyouve timoun nan oubyen jenn moun lan san konsantman paran li yo.

Kilè Èdalanfans mande konkou yon pwofesyonèl nan domèn lasante?

Si gen soupçon timoun lan sibi move trètman. Li kapab nesèsè pou Èdalanfans fè timoun lan pase yon ekzamen medikal. Lè konsa, Èdalanfans fè tout sa ki posib pou li kontakte paran, ki gen responsablite timoun lan sou kont li a pou li ka gen konsantman li. Pafwa, Èdalanfans pa ka jwenn paran-an pou li bay konsantman li. Èdalanfans gen pwoteksyon lafwa (LSEF an franse) pou li pran sou responsablite li, tanporèman, timoun osnon jenn moun lan pou li fè yon medsen ekzamine wè li. Tout sa ap fèt pandan Èdalanfans ap kontinye demach pou li kontakte paran ki konsène yo.

FONDASYON ÈDALANFANS OTAWA.



Fondasyon Èdalanfans Ottawa (FAEO an franse) kolekte lajan pou ede timoun ak jenn moun Èdalanfans pran sou responsablite li yo. Èdalanfans ofri plizyè posiblite ki gen rapò ak edikasyon timoun epi ak jenn moun yo, asire byennèt yo, konble lavi yo ak opòtinite sou plan fizik, sosyal, mantal epi entèlektyèl pou yo kab tounen granmoun ki dyanm, an bon sante, lè se va tou pa yo.

Se yon responsablite nou pataje ak tout moun pou garanti sekirite chak timoun ki fè pati kominote-a. Se deja tout yon difikilte pou yon moun grandi ak pwa senkant vyolans epi ak neglijan nan lavi li. Si nou pa depatya vye abitud sa yo, se tout kominote-a ki pral gen pou li peye pokase-a.

Pwogram Fondasyon Èdalanfans Ottawa

Pwogram bous « Oze Reve » yo- Li pèmèt retire pikan kwenna finansye jenn nan kominote-a, ki merite reyalize rèv yo pou yo rapousuiv etid yo nan nivo kolèj, inivèsite osnon nan yon sant fòmasyon pwofesyonèl.

Kan pou timoun yo- Li pèmèt nou voye timoun yo nan kan, byen souvan, se pou lapremyè fwa yo fè eksperyans sa a. Konsa, yo va gen posiblite devlope abilitè lidèchip yo, aptitud sosyal yo, konfyans nan tèt yo, tout sa, pandan yo ap pran bon jan plezi.

Fon bwatsekri- Li la pou soutni timoun ak jenn moun yo ki vle patisipe nan aktivite espò, mizik oubyen rekreyatif nan bay fanmi yo materyèl yo bezwen yo.

Pwogram "Fair Shot"- Li ofri èd pou timoun (sila yo ki nan famiy dakèy ki gen lyen se parante ak yo osnon nan famiy dakèy adoptif yo sou kontwòl FAEO an franse), nan ankouraje yo patisipe nan aktivite espòtif.

Pwogram Ted ak Loretta Rogers pou tranzisyon nan famiy dakèy-

Li la pou bay timoun ak jenn moun ki antre nan famiy dakèy tout sa yo bezwen pou mete yo alèz, pou yo santi yo an sekirite fizikman, materyèlman pandan tranzisyon soti lakay yo pou yo ale nan fwaye dakèy la.

Pwogram "Leap to Learning" gwoup Scotia Capitaux- Li la pou ede timoun yo reyisi lekòl atravè sèvis (Titora) leson apre lekòl pou klas matematik ak lekti.

Evenman kanpay finansman anyèl Fondasyon Èdalanfans Ottawa (FAEO an franse)

Alo, se yon sware kote moun ka bwè diven epi manje òdèv ki gen divès kalite gou epi rankontre lòt moun ki renmen diven.

Tounwa anyèl golf- Ofri Biznismann nan kominote-a okazyon pou yo reyini antre yomenm nan non timoun pandan yo ap jwe yon Par-tee gòl ant zanmi.

Jwèt kestyònman mondyal- Pi gran jwèt kestyònè an dirèk nan amerik dinò, kote prèske 2000 jwè pasyone rasanble. Aktivite sa-a chita sou yon lespri konpetisyon ekip yo pou yo ranmase lajan pandan ekip ki genyen yo ka soti ak yon bon montan lajan epi kèk bèl pri tou.

"Mwen ta renmen di nou kijan se yon bèl bagay pou m jwenn sipò pou m reyalize rèv mwen yo. Patipispe nan pwogram Oze Reve-a amelyore lavi mwen. Koulye-a se pouse m ap pouse pou pi douvan."

- yon patisipan ki gen 18 tan ki te gen yon rèv.

**Chanje direksyon bagay yo nan lavi yon timoun !
Vin yon donatè Jodi-a menm**